



KÒD VESTIMANTÈ – ELÈV YO 2016-2017

Mayo

- ❖ Se pou tout elèv yo abiye avèk inifòm ki gen logo lekòl lan.
- ❖ Se pou mayo yo antre nan pantalon/jip epi byen ranje. Se pou mayo yo rete anndan pantalon/jip lan lè elèv lan leve bra li; vant elèv yo pa janm dwe parèt.

Pantalon, Chòt, Skort (jip avèk shot) epi Wòb jumper

- ❖ Se elèv lan mete sèlman pati enferyè inifòm lan ki tonbe byen sou li.
- ❖ Chòt avè skort yo dwe pou yo gen longè ki konvnan epi selon diskresyon direksyon lekòl lan, men se pa pou yo pi long pase yon pous rive anba jenou an.
- ❖ Se sèlman pantalon, chòt, skort epi wòb jumper ki gen logo lekòl la sèlman pou elèv yo mete.

Manto ak Jakèt

- ❖ Se sèlman manto ak jakèt ki gen logo ofisyèl lekòl la sèlman pou elèv yo mete.
- ❖ Se pou elèv yo mete mayo inifòm lekòl lan anba nenpòt manto ak jakèt.

Sentiwon

- ❖ Elèv yo ki nan 2^{yèm} rive nan 12^{yèm} ane dwe mete yon sentiwon avèk boukl.
- ❖ Yon sentiwon abiye senp ki mawon oubyen nwa (san twou ni klou)
- ❖ Se pou sentiwon yo mete konvnanman nan tout pasan pantalon oubyen shòt la.

Chosèt

- ❖ Blan, nwa, ble marin san desen.
- ❖ Nan mwa kote tan an pi frèt ba blan, nwa oubyen ble marin san desen kapab mete anba skort yo.

Soulye

- ❖ Tennis pou spò.
- ❖ Soulye abiye (stil mokasen oubyen soulye lase)
- ❖ Soulye fèmen stil Mary Jane pou ti fiy

Chapo

- ❖ Elèv yo pa otorize pou mete chapo anndan batiman lekòl lan.
- ❖ Chapo ki pa gen logo oubyen chapo ki gen logo lekòl lan yo otorize pandan klas kilti fizik ki fèt deyo oubyen pandan rekreyasyon lè elèv yo deyo.

Inifòm pou las Kilti Fizik

- ❖ Se pou elèv yo mete chòt avèk mayo pou kilti fizik (ki gen logo lekòl lan) avèk chosèt ak tenis pou klas kilti fizik yo.
- ❖ Nan mwa kote tan an pi frèt, yo kapab mete pantalon sweatpants (ki gen logo lekòl lan) pou kilti fizik.

Lòt regleman

- ❖ Se pa pou bijou reprezante yon danje pou sekirite, epi se pa pou yo reprezante yon distraksyon. Pou rezon sekirite, se pwen sèlman ki otorize kòm zanno.
- ❖ Limit kantite braslè ki otorize an se twa (3).
- ❖ Se pou tout chèn rantr nan mayo an.
- ❖ Koulè/mèch cheve ki pa natirèl entèdi.
- ❖ Se pa pou kwafi avèk stil cheve yo distrè elèv yo e direksyon lekòl lan gen diskresyon pou otorize oubyen entèdi yon kwafi (pa egzanz koup mohawk oubyen kwafi pikan ets.)
- ❖ Se pou kwafi an byen ranje e se pa pou cheve an tonbe sou figi elèv lan.
- ❖ Nenpòt piercing ki pa yon twou zanno nan chak zorèy entèdi.
- ❖ Nenpòt vètman ki chire oubyen ize entèdi.
- ❖ Entèdiksyon pou pote linèt solèy anndan saldeklas yo.
- ❖ Badj idantite pou klas middle school/high school yo dwe pann nan kou elèv lan avèk yon kòdon lekòl lan bay. (Elèv yo gen pou yo peye \$8 pou chak kat idantite epi chak kòdon yo pèdi)

** Se nan magazen ki apwouve an sèlman pou tout acha inifòm fèt. **

Siyati Paran _____ Dat _____